

ENTEGRASYON AVÈK LÒT PWOGRAM YO/PATNÈ KOMINOTE YO

Lekòl Elemantè Pemberton nan etabli patnèship avèk kominote a:

Patnèship avèk Wicomico County Judy Center
Baxter Enterprises/McDonalds
Walmart
Junior Achievement
Biro Ekstansyon Distri Wicomico
Wrap Around Maryland
Food Lion
Deli at Pecan Square
Biro Ekstansyon(Inivèsite Maryland)
Rockawalkin United Methodist Church
Community Christian Church
Cross Pointe Church of the Nazarene
Inivèsite Salisbury

KOÒDINASYON AK SIPÒ



Koòdinasyon Pwogram ak asistans teknik pou Lekòl Elemantè Pemberton nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite efikas pou angajman fanmi ap oganize pa efò Sipevizè Title 1 nan ki sipòte pa Espesyalis Angajman Fanmi Title 1 nan ak Angajman Fanmi Pwofesyonèl Title 1 nan. Manb Anplwaye Pemberton yo ap bay ide yo, yap oganize materyèl yo, yap pataje resous yo e yap rankontre avèk PAC pandan ane a.

ASIRE AKSESIBILITE

Plan Title I Lekòl Elemantè Pemberton nan li disponib pou fanmi yo revize Plan sa enkòpore 4 eleman nan Pwogram Title I pou tout lekòl la ak atandans instriksyonèl ak pwogram objektif lekòl la. Plan sa li disponib pou revizyon nan www.wcboe.org. Fanmi yo kapak soumèt keksyon ak komantè a Direktè a oubyen a Prezidan Ekip Amelyorasyon. Plan Title I nan li disponib an Anglè, Kreyòl Aysyen and Espayòl. Nap bay entèprèt ak transpòtasyon sou demand. Nap tradwi envitasyon yo ak fèy piblisite yo.



BAY ASISTANS AK FÒMASYON

Nap bay fanmi yo enfòmasyon kouran konsènan pwogram Title I ak patisipasyon paran an anba ESSA. Fanmi yo ap resevwa enfòmasyon konsènan: korikilòm ke nap anseye a, nivo de konpetans ke nou espere elèv yo acheve, ak done evalyasyon individyèl ansanm ak rezilta yo avèk yon eksplikasyon. Nap kapab pataje enfòmasyon sa nan Sware de Retou Lekòl la, nan yon Reyinyon Oryantasyon Title I ak Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran. Fanmi yo tou ap genyen opòtinite pou yo patisipe nan reyinyon regilyè ki gen rapò avèk edikasyon pitit yo.



Byenveni a Lekòl Elemantè Pemberton
“Nou se... Yon, Yon Kominote!”
Plan Angajman Fanmi Title I
2019 - 2020

Direktè: Dr. Ryan Kessler

Asistan Direktè: Carla Hicks

1300 Pemberton Drive
Salisbury, MD 21801
(410) 677-5809
www.wcboe.org



Wicomico County Board of Education rekonèt ke fanmi yo se premye pwofese pou pitit yo e ke yo fonksyone kòm edikatè pandan tout lavi pitit yo. Genyen plis trant de reshèsh ki montre ke siksè akademik elèv yo ak estim de swa yo vrèman relate a angajman fanmi yo nan edikasyon pitit yo depi prekindergarten jis nan klas segondè. Lekòl Elemantè Pemberton kwè tou ke edikasyon pitit nou yo se yon responsablite pataje. Patisipasayon lekòl la, Fanmi yo ak kominote a ap kreye yon edikasyon pi solid e lap amwlyore kalite de vi pou elev yo, fanmi yo, ak tout kominote Distri Wicomico a. Sistèm lekòl la avèk chak lekòl indiviyel pran yon angajman pou etabli pwogram ak pwatik kap kreye yon klima de konfyans mityel ak respè e ki sipòte angajman fanmi.

AKTIVITE ANGAJMAN FANMI AK ZOUTI YO

Fon Title I Pemberton nan ofri aktivite sa yo:

1. 2 Sware Lekti ak Matematik pou Fanmi chak ane
2. Yon Sant Enfòmasyon Paran
3. Yon Atelye de Estrateji
4. 2 Reyinyon Konsey Konsiltatif (Youn nan loton e youn nan printan)
5. Fomasyon nan Fòmasyon Lidèship SU



6. Oryantasyon Title I

SONDAJ ENTERÈ AK VOLONTÈ

Nan komansman ane lekòl la, nap mande paran yo pou yo konplete yon Sondaj Enterè kap endike sou ki topik ke yo ta renmen enfòmasyon, tan/lè ki konvenyan pou yo vizite lekòl la ak konpetans ke yo vle pataje avèk lekòl la. **Nan fen ane lekòl la, nap mande paran ak fanmi yo pou yo konplete yon sondaj de klima lekòl la.** Sa ap asire ke lekòl ap bay byenveni ak envitasyon. Enfòmasyon de sondaj sa yo pral sipòte efò lekòl la poul travay avèk paran ak fanmi yo kom patnè egal.

FÒMASYON LIDÈSHIP NAN UNIVERSITE SALISBURY

Elèv sinkyèm ane ke yo chwazi nan Pemberton ap genyen opotinite pou yo patisipe nan fòmasyon lidèship nan Universite Salisbury. Elèv sa yo ki demontre kalite lidèship ak ekselans akademik se yo ke yap chwazi. Nap bay paran yo opotinite pou yo patisipe tou. Elèv yo ap patisipe nan aktivite pre ak post vizit ki konsantre sou objektif fitu. Pwogram de tou pou elèv yo nan Parksite CTE ak Univesite Salisbury. Tou sa yo ap anba kontwol lidè elèv yo ki va pataje avèk yo posibilite de opotinite kap vini.



Salisbury
UNIVERSITY

Career and Technology Education
Parkside High School



REYINYON KONSÈY KONSILTATIF PARAN (PAC)

Konsèy Konsiltatif Paran Title I nan Pemberton (PAC) reyini 2 fwa pa ane nan lekòl la. Fanmi yo envite pou yo patisipe nan reyinyon sa. Topik nap diskite yo inkli (men ki pa lmite a sa yo selman): Pwogram Title I, kontribisyon fanmi nap itilize nan Fon Angajman Fanmi yo, devlopman ak chanjman de plan angajman fanmi nan nivo lekòl la ak konpak lekòl la, done/enfòmasyon elèv yo, Korikilòm Eta Maryland nan ak Estanda MCCR pou matematik ak lekti, enfòmasyon konsènan evalyasyon lokal e govènmental ak aktivite angajman fanmi yo. Fanmi yo ap bay kontribisyon yo nan devlopman pwofesyonèl pou pwofesè yo, sa gen rapò a konpreyansyon de kominote lekòl la ak angajman fanmi.

SWARE MATEMATIK AK LEKTI POU FANMI

De fwa pa ane, Pemberton oganize sware lekti ak matematik pou elèv yo ak fanmi. Objektif sware lekti ak matematik pou fanmi sa se pou ranfòse konpetans ke nap anseye aktyèlman nan sal de klas yo.. Nou reyalize sa pa itilizasyon de jwèt, manipilatif, ak patisipasyon fanmi. Fanmi yo pral resevwa yon bag de materyèl pou lakay pou yo kontinye ede pitit yo manevre konpetans sa yo. An plis de sa, nou pral sèvi dine. Nap bay transpòtasyon sou demand.

